

Ann pale sou kanpe veyikil pandan mote a limen ki ilegal  
Avèk èd New Bedford Community Health

**Pwokirè Jeneral Andrea Joy Campbell:** kanpe veyikil pandan mote a limen danjere pou anviwonman an ak pou sante nou. Nan Biwo Pwokirè Jeneral la, nou travay pou nou sispann pratik illegal kanpe veyikil pandan mote a limen, sitou pou kamyon ak lòt machin dyezèl. Nou pran angajman pou pwoteje anviwonman nou epi, nòmalman, sante tout moun nan Commonwealth la. Sou sit entènèt nou an w ap jwenn yon fòm pou rapòte pratik illegal sa a. Epi sonje, li illegal pou yo kanpe veyikil la pandan mote a limen pou plis pase 5 minit.

--

**Limairy Vazquez**

**Asistan Medikal, New Bedford Community Health**

Lafimen ki soti nan moflè yo gen ti patikil ki ka antre byen fon nan poumon yo epi menm nan san an tou.

**Mabely Ecoto Santos**

**Travayè Sante Kominotè, New Bedford Community Health**

Pwooblèm respiratwa ka vin pi mal tankou asm ak bwonchit, epi li ka kontribye nan maladi kè, kansè ak lanmò twò bonè.

**Amelia Monteiro**

**Pedyat, New Bedford Community Health**

Gen resous ki disponib pou ede w si sante w te afekte pa lafimen veyikil ki kanpe ak mote yo limen ak lòt sous polisyon lè a.

Isit la nan New Bedford Community Health, nou sèvi moun New Bedford ak zòn ki antoure 1 la. Ekip nou an la pou ba w swen sante konplè, ki gen ladan pwooblèm respiratwa ki akoz lafimen veyikil ki kanpe ak motè yo limen ak polisyon lè a.

**Wanda Resto**

**Travayè Sante Kominotè, New Bedford Community Health**

Nou kapab bay sèvis entèpretasyon pou kominike avèk ou nan lang ki apwopriye pou ou a.

Nan tout Massachusetts, etablisman swen sante yo pare pou ede oumenm ak fanmi w fè fas ak efè polisyon sou sante.

--

Men ki jan ou ka rapòte pratik illegal sa a lè w sèvi avèk fòm pou rapòte nou an.

Premyèman, chwazi lang ou pi pito nan tèt fòm lan. Non ou ak enfòmasyon ou yo konplètman opsyonèl. Pa blye endike ki kote ak ki lè ou te wè veyikil la kanpe ak mote limen a. Si ou konnen konbyen tan egzak la, sa ap bon anpil. Men, yon estimasyon ase tou.

Sonje ke nou enterese nan veyikil komèsyal dyezèl, tankou kamyon ak otobis, ki san nesesite pou plis pase 5 minit, pa veyikil ki bloke nan trafik, nan move tan kote fè cho oswa fè frèt anpil, oswa ki sèvi ak limyè otobis k ap flache oswa yon asansè pou chèz woulant.

--

**Prokirè Campbell:** Mèsi paske w ede nou prezève anviwònman nou, lè nou ak sante nou. Mèsi.

**Wanda:** Mèsi anpil.

**Limairy:** Mèsi.

**Amelia:** Mèsi.

**Mabely:** Mèsi anpil.

--

Limit responsabilite nou: Nou ka soumèt enfòmasyon sa yo bay moun oswa konpayi ou rapòte a oswa bay lòt ajans ki fè respekte lalwa ak ajans reglemantasyon pou nou ka abòde pwoblèm veyikil ki kanpe ak mote yo limen pandan sa ap rive a. Enfòmasyon sa a ka disponib kòm yon pati nan yon demann dosye piblik. Biwo Prokirè Jeneral la (AGO) mennen moun ak konpayi an jistis pou fè respekte lwa Commonwealth yo, men nou pa ka reprezante moun oswa bay konsey legal.

--

Mèsi Amelia, Limairy, Mabely, Wanda ak New Bedford Community Health Center.